



**Komite Direksyon' an**

Alan Horton  
Co-Chair

Kathleen Passidomo  
Co-Chair

Pete Cade

Stephanie Campbell

Pat Carroll

Travis Coulter

Linda Flewelling

Yolanda Flores

Janet Glancy

Debbie Graham

Marci Greene

Colette Hall

Susan Healy

Jose Hernandez

Mary Lynn Hill

Barbara Melvin

Dawn Montecalvo

Scott Salley

Katie Sproul

Paula Tateo

Clarence Tears

Dennis Thompson

Mario Valle

# ENTWODIKSYON

## PREAMBLE

Komite Pwogram Konekte Kounye a (Connect Now) wè dokiman sa kòm yon kado. Pwogram Konekte Kounye a vle fè lekòl nou yo ou-vri je yo sou pon ki konekte peyi, moun, ak kilti ki nan yon sèl komi-note.

Tout moun ki ap dirije, ki ap akeyi, oswa patisipe nan Pwogram Konekte Kounye'a kwè ke Collier County merite yon pi bon sistèm lekòl. Anplis, chak timoun lekòl merite yon edikasyon ki ka ede yo realize tout sa yo vle fè.

Dokiman sa a konsantre li sou sa moun bezwen, pa sou sa ki rann yo diferan. Nou tout konnen ke pi bon investisman yon kominote te ka fè se lè li envesti nan bon jan lekòl ki ap vin bay bon jan rannman nan kominote a an retou, e ke pi bon lekòl yo ekziste kote kominote a refize aksepte nenpòt bagay ki pi ba e sipòte bi sa a.

Sistèm lekòl la pou kont li pa kapab akonpli bagay sa yo pou nou. Ansanm avèk pèmisyon Konsèy Administrasyon lekòl la ak Sipè-entandan an, komite ki ap dirije a ap kontan jwenn opòtinite ki mache avèk fason yo ka konprann vwa kolektif kominote a. Se pou nou tout mete tèt ansanm, pou nou kenben fèm e rete konekte pou defann sa nou vle, espesyalman koulye a kote kreyativite ak solisyon pratik nesèsè pou asire kalite nou sitou nan sityasyon ekonomik difisil sa a.

Nou espere ke endividi ak òganizasyon atravè Collier County pral jwenn avèk nou pou fè travay enpòtan pou ranfòse kominote a ak lekòl nou yo.

Ou ap jwenn deklarasyon nou yo pi ba a.

Lis ki pi ba a ap prezante tout sa nou espere pou kominote e lekòl nou yo, kèk nan yo nou rekonèt te gentan ekziste deja.

## KOMINOTE NOU VLE A

Ansanm nou vle yon kominote ki:

- ◆ Trè emab e janti.
- ◆ Ansekirite
- ◆ Konekte e enterese a patisipe nan aktivite yo
- ◆ Ki gen yon ekonomi byen devlope ki bon pou tout moun
- ◆ Ki konekte avèk anviwonman an e ki respekte e byen ilitize resous natirèl nou yo
- ◆ Ranpli avèk opòtinite kiltirèl pou fè eksperyans sou la ak desen
- ◆ Chaje ak fyète pou kominote ak pou peyi a
- ◆ Pran responsab pou aksyon endividyèl e kolektif
- ◆ Dirije pa yon gouvèman ak admintistratè ki ankouraje patisipasyon pèp la nan afè gouvèmantal pou etabli priyorite ki klè
- ◆ Ki pran swen manm li.
- ◆ Ki balanse
- ◆ Jere devlopman popilasyon an

Anplis, nou espere yon kominote ki:

- ◆ Ofri divès kalite opòtinite pou echanj ak eksperyans sosyal, espesyalman pou fanmi yo
- ◆ Bay sèvis kominotè yo valè
- ◆ Travay avèk respè e ki ouvè pou akeyi e pou bay opinyon diferan yo valè
- ◆ Ki genyen diferan kalite legliz, relijyon, katye, kilti ak gwoup ki gen laj diferan.

## SA NOU VLE POU LEKÒL NOU YO

Ansanm nou ta renmen lekòl nou yo:

- ◆ Gen ladrès pou motive timoun yo aprann
- ◆ Dirije pa yon misyon klè ki menm jan pou tout elèv
- ◆ Gen bon jan rezilta, pou timoun yo ka gen siksè
- ◆ Fè paran, kominote a, pwofesè, e elèv yo responsab siksè elèv yo
- ◆ Pataje tout resous lekòl yo san patipri pou ka reponn a bezwen elèv yo
- ◆ Konsantre nan yon vizyon prensipal ki dirije travay e ki ap pwogrese avèk yon bon jan direktè
- ◆ Bay chwa pou etidyan e fanmi
- ◆ Anplawaye pwofesè ki byen prepare, enterese nan travay yo, respektab e sipòtab
- ◆ Prepare jenn yo pou yon demen miyò. Avèk bon edikasyon ki baze sou sa na'p bezwen demen.
- ◆ Bati e mentni bèl etablisman ak lekòl piblik.
- ◆ Ansenye nan yon fason ki pou konsidere laj, kilti ak ladrès chak elèv, konsa elèv yo ka vin pi fò nan etid yo
- ◆ Bay pwofesè kòm elèv divès chwa pou yo kapab bay bon rezilta
- ◆ Itilize enfòmasyon nou kolekte yo epi mezire yo nan tout desizyon ki pran
- ◆ Baze nan yon kilti ki genyen respè e valè pou kominote a
- ◆ Anbisyon pou bèl bagay
- ◆ Ranpli ak patisipasyon e devouman paran
- ◆ Ansenye klas Anglè e respekte lang moun ki soti nan lòt nasyon
- ◆ Konekte ansanm avèk tout aktivite kominote a

## DEFI NOU RANKONTRE AK POU KISA

Lis sa a esplike defi nou rankontre lè nou ap fè efò pou reyalize rèv nou genyen pou kominote ak lekòl nou ta vle yo, e nou konprann ke yo reprezante kondisyon ki ekziste yo. Pyès nan defi oubyen kondisyon sa yo pa ekziste nan izolasyon. Yo konekte youn ak lòt epi yo gen enpak sou yon seri pwoblèm.

### MEN DEFI YO:

- ◆ **Patisipasyon paran ak kominote a enkonsistan.** Paran, kominote avèk lekòl yo bezwen konekte pi byen youn ak lòt, e a travè county a.
- ◆ **Manke yon vizyon.** Nou ap vanse pou pi devan antan ke kominote ak lekòl san yon vizyon klè ki pou konekte lekòl yo, lidè yo, òganizasyon ak kominote a.
- ◆ **Kominikasyon yo pa an akò.** Yo manke kominikasyon ale-vini twòp kote ant kominote a ak sistèm lekòl la, ak andedan sistèm lekòl la. Kominote a manke konprann sa lekòl yo ap fè. Epi genyen vid ki ekziste nan jan yo konprann lekòl ak distri a apwopo rapò yo ak kominote a ansanm ak kijan pou yo travay avèk kominote a ki genyen yon popilasyon ki trè divès.
- ◆ **Redrese Plan Pwogram Edikatif la.** Pwogram edikatif la ansanm ak opòtinite pou aprann dwe fleksib e sipoze mache avèk opsyon ki pou prepare elèv yo pou fè karyè yo, pou kolèj ak pou lavi.
- ◆ **Yo Manke Epapiye Nòm ak Atant sou Konpreyansyon pou fè Moun Konnen yo.** Pou kèk segman nan kominote a, nòn ke elèv yo dwe atenn yo pa sanble fin twò klè, e koyeran.
- ◆ **Rezilta Akonplisman yo ap Tonbe nan Lekòl Elemantè, Mwayen ak Segondè.** Genyen twòp elèv ki pa ka kenbe nan nivo edikasyon yo pandan ke yo ap pwogrese nan sistèm nan.
- ◆ **Enstabilite nan Gouvènans ak Direksyon Sistèm Lekòl la.** Moun manke konprann wòl konsèy administrasyon lekòl la jwe e piske yo pa ka konprann jan yo ap dirije, sa kreye yon sans de enstabilite ak enkyetid nan kominote a.
- ◆ **Moral Edikatè ak Manb Pèsonèl ki Ba.** Tèt chaje avèk gwo deba ki ap fèt yo fè edikatè ak manb pèsonèl yo santi ke genyen yon mank sipò ak izolasyon bò kote kominote a.
- ◆ **Yo Atann pou Lekòl yo fè Tout Bagay.** Nou espere pou lekòl yo rezoud twòp pwoblèm pandan ke kominote a te ka fè plis pou sipote devlopman jèn nou yo.
- ◆ **Pa Gen Sans Responsabilite Kominotè sou Tout County a.** Rezidan yo pa panse ke yo fè pati County a. Yo fè pati ti kominote tou piti. Epi genyen anpil rezidan ki soti lòt kote e ki pako konnen kominote a.

## KONDISYON KI KREYE DEFI YO

- ◆ **Divèsite.** Kominote a genyen defi ki koze diferans sou laj, lajan moun touche, ras, kilti, langaj ak nivo edikasyon. Lekòl yo, kominote a, ak tout moun gen defi ki prezante devan yo pou konstwi sou fòs ke divèsite a pote avèk li.
- ◆ **Gwosè.** Collier County genyen yon kominote ki laj jeyografikman ki ap desèvi diferan kalite kominote avèk divès kalite defi ki mache ak yo swivan gwosè ak distans yo.
- ◆ **Sitiyasyon Ekonomik.** Kriz ekonomik nou ap fè fas koulye a avèk enpak li genyen sou bidjè eta a ak bidjè lokal la prezante yon defi san presedan pou itilize resous yo e pou avanse pou pi devan nan pwogram yo.
- ◆ **Estrikti Fon pou Edikasyon yo.** Fason ke yo bay lekòl nan eta Florid yo lajan mete yon kontrent sou abilite kominote lokal la te ka genyen pou kontwole tout resous li yo epi limite fleksibilite li yo.
- ◆ **Sistèm pou Jere Responsabilite.** Fason yo itilize ekzamen ofisyèl FCAT la ak fason yo bay lekòl yo nòt kreye yon atansyon sou mak sa yo e limite responsabilite sinyifikatif yo ta dwe asime nan sistèm lekòl la.
- ◆ **Kontrent Biwokratik.** Paket lwa leta Florid, federal, e lokal yo limite sa pwofesè avèk administratè yo te ka fè pou ranfòse kapasite edikasyon an.
- ◆ **Yon Kominote Eksepsyonèl.** Nou genyen yon gran kantite moun ki gen anpil kòb ak yon gran kantite ki pa gen anpil kòb, ansanm ak yon gran pwopòsyon moun ki ap viv nan retrèt ansanm ak rezidan ki vini pou sezon, san konte nouvo rezidan, ki asire kominikasyon ansanm e ki pataje bi ki difisil anpil pou atenn. Anpil nan yo pa nesèsman santi yo gen dwa nan investisman yo fè nan kominote a atravè taks yo peye.



## SA KI DWE FÈT

Si, antan ke kominote, nou prale fè pwogrè nan direksyon aspirasyon nou e pou nou adrese defi ak kondisyon nou ap konfwonte yo, nou ap bezwen pou:

- ◆ **Motive Konpreyansyon ki Enfòmè.** Plis pase kominikasyon, kominote a ak lekòl yo bezwen konekte. Nou bezwen motive moun pou yo ka byen enfòmè pou yo ka konprann sa yo kapab fè.
- ◆ **Kreye yon Plan Kominikasyon an Asosyasyon avèk Kominote a.** Distri lekòl la bezwen genyen yon plan detaye pou fè efò kominikasyon ki:
  - ◇ Enkli tout moun ki konsène nan sistèm edikasyon an;
  - ◇ Kontinye ap angaje moun sa yo nan divès kalite etap;
  - ◇ Tande kominote a;
  - ◇ Sible odyans yo avèk estrateji ki apwopriye;
  - ◇ Ki transparan e ke moun kapab konprann.
- ◆ **Espere Jwenn Responsabilite nan Tout Nivo.** Soti nan elèv, pase jwenn pwofesè, pou rive nan administratè ak dirijan distri yo, yo dwe mete an plas responsabilite klè avèk bi ki byen detaye, ki mezire e ki transparan.
- ◆ **Ankouraje Otonomi ak Pwopriyete pou Lekòl la.** Lekòl yo bezwen plis otonomi pou devlope repons a defi yo ap rankontre yo. Yo ap bezwen fleksibilite pou bati (avèk sipò) estrateji ki ap delivre rezilta pou elèv yo.
- ◆ **Ogmante Siksè Akademik.** Yo bezwen fè tout elèv nan tout klas rive metrize matyè akademik yo e pou akonpli gwo atant yo vize pou yo. Sa ta dwe pwen santral refleksyon tout kominote a an antye yon fason pou tout elèv kapab bay meyè ranman ki posib.
- ◆ **Asire ke Edikasyon Timoun yo Reyisi Okonplè.** Timoun yo dwe gen opòtinite pou yo enkli eksperyans ki ap nourri konpetans yo ap bezwen pou lavi, ki ekspoze yo a divès pratik kiltirèl, e ki enkane valè sivik nan yo menm, ki enkli patriyotism, pou sipò bon bagay tout moun renmen.
- ◆ **Ede Jèn yo Vini Lekòl Prè pou Aprann.** Fè atansyon a sante fizik, emosyonèl ak mantal jèn yo e fanmi yo pral sipòte siksè akademik yo.
- ◆ **Idantifye e Agrandi Patisipasyon Paran ak Kominote a.** Yo bezwen idantifye efò yo dwe fè pou ankouraje kominote a ak paran (ki nan County a ak lòt kote) yo vini nan lekòl yo e pou fè sa atravè tout County a.
- ◆ **Ofri Sipò Pozitif Bay Edikatè yo.** Kominote a ansanm sistèm lekòl la bezwen idantifye fason pou ogmante sipò pozitif pou pwofesè yo, direktè yo, ak lòt edikatè ki nan tout nivo yo.
- ◆ **Konstwi Inite Apati Divèsite.** Yo dwe rekonèt divèsite an tan ke yon asèt. Lekòl yo ta dwe konekte atravè divèsite epi konstwi inite ki pou montre elèv yo kijan yo ka pwogrese nan yon mond divès.
- ◆ **Ranfòse Fon yo.** Yo ta dwe ogmante sipò finansye yo pandan tan-an ap pwogrese, epi yo ta dwe itilize resous yo yon fason efikas.



## SA NOU KAPAB FÈ

Moun ki patisipe nan Konekte Kounye a (Connect Now) kwè ke ansanm nou menm, ansanm ak lòt moun ki menm jan ak nou, kapab fè bon pwogrè si nou:

- ◆ **Kontinye Konvèsasyon yo ansanm.** Pwosesis pwogram Konekte Kounye a tanmen yon seri konvèsasyon ki ta dwe elaji nan tout kominote a si nou:
  - ◇ Itilize kominikasyon fas-a-fas ak kominikasyon elektwonik;
  - ◇ Pale avèk plizyè gwoup diferan epi fè efò pou rapwoche yo sou nou;
  - ◇ Travay avèk edikatè yo pou ranfòse patisipasyon pwosesis ki ap dewoule nan kominote sa a.
- ◆ **Kreye yon Komite ki pou Rezoud Pwoblèm yo.** Nou bezwen yon gwoup ki pou fouye pwoblèm patikilye yo an asosyasyon avèk lekòl yo pou ka konprann pi byen pwoblèm konplèks yo epi aprann sou baryè ki ka anpeche aksyon nou yo.
- ◆ **Kreye Plis Opòtinite pou Koute.** Pwogram Konekte Kounye a ta dwe kontinye angaje efò li. Nou bezwen ajoute estrateji pou koute epi ankouraje koute lòt yo avèk respè pou ka aprann de yo.
- ◆ **Mennen Plis Moun nan Lekòl yo.** Atravè sèvis volontè ak aktivite pou angaje lòt moun yo, lekòl yo ap bezwen atire moun pou yo ka wè epi konprann sa ki ap pase nan lekòl yo. Sa ap kapab ogmante nivo konfò yo epi ankouraje yo aprann plis e pou rete angaje. Kominote a bezwen kreye tan epi elaji tèt li pou sipòte efò sa a. Nou ap bezwen atire moun ki deja pran retrèt yo ki edike, eksperimante, ki gen konpetans, ki ka pran bon inisyativ e ki sousye.
- ◆ **Ranfòse Patisipasyon Kominote ak Patisipasyon Paran yo.** Nou fèt pou nou kòmanse oubyen pou nou vin antre nan yon efò ki ap fèt pou idantifye epi ranfòse patisipasyon efikas kominote ak paran yo. Wòl paran yo jwe nan edikasyon an fèt pou an kolaborasyon avèk pwofesè yo, e li enpòtan pou yo santre sou fason yo dwe sipòte asosyasyon sa a.
- ◆ **Eksplòre Opsyon pou Otonomi Lekòl yo.** Nan travay avèk distri lekòl la, nou kapab gade opsyon ki disponib pou ogmante otonomi lekòl la ak fleksibilite nan nivo lekòl la pou reponn a bezwen kominote lokal yo, pandan ke nou ap toujou travay pou atenn bi distri a pwopoze yo.
- ◆ **Egzamine e Klarifye Opsyon pou Responsabilite yo.** Nan travay avèk sistèm lekòl la, nou kapab konsidere ranfòse epi elaji estrateji ki pou defini responsabilite yo epi kaptire rezilta ki pou pèmèt plis responsabilite sinyifikatif sou tout nivo nan sistèm lekòl la.
- ◆ **Konnen Kapasite yo.** Nou dwe okouran ke pral genyen echanj ak difikilte pou pran desizyon akòz sitiyasyon ekonomik la, epi ede yo pran desizyon pou ka konprann priyorite kominote a nan yon fason ki konstriktif e pwodiktif.



## KÒMAN OU KA KONEKTE KOUNYE A! SA AP KÒMANSE AVÈK YON KONVÈSASYON

Koulye a kesyon an se “kijan” e sa kapab vini sou plizyè fòm pou nou tout, e li ap kòmanse avèk yon konvèsasyon apwopo Eta Kominote a. Nou kapab rasanble yon gwoup ansanm, oubyen nan kontèks yon gwoup reyinyon regilye, li deklarasyon sou eta kominote a epi diskite li. Kòm endividi, nou tipikman genyen anpil moun ki antoure nou—fanmi, zanmi, kamarad travay, afilyasyon sivik, afilyasyon relijye, vwazinay, rekreyasyon ak òganizasyon pou timoun ak pitit-pitit yo—pa bliye pataje sa avèk tout moun, piske travay kolaboratif toujou mache pi byen! Epi, pinga nou mete jèn moun yo sou kote—timoun nan tout laj kapap kontribye tou.

### KESYON POU DISKISYON:

1. Ki pati nan Deklarasyon an ki frape ou (oubyen òganizasyon ou la) pi plis?
2. Ki sa ke ou menm, antan ke yon endividi oubyen yon òganizasyon, kapab fè pou ede nou fè pwogrè?
3. Poze tèt ou keksyon sa a: Ki lòt kalite òganizasyon ki kapab pataje sa ke mwen sousye plis de yo a? Eske gen posibilite pou nou travay ansanm?
4. Idantifye sèlman yon (1) fason ke ou kapab fè diferans nan kontèks Konekte Kounye a (Connect Now) epi pran angajman pou travay sou sa.

**Pou pataje ide ou: (Fakse yo nan : 643-4799 oubyen email: [lisachurch@educationforcollier.org](mailto:lisachurch@educationforcollier.org))**

Non ou: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_ Email: \_\_\_\_\_

Non Gwoup la (Si sa aplikab): \_\_\_\_\_

### ESKE OU GEN KESYON?

Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Konekte Kounye a (Connect Now) avèk inisyativ angajman kominote sa a pran, tanpri vizite [www.connectnowcollier.org](http://www.connectnowcollier.org) oubyen kontakte Fondasyon Edikasyon an (The Education Foundation) nan (239) 643-4755 oswa voye yon kourye elektwonik nan [info@connectnowcollier.org](mailto:info@connectnowcollier.org).